# ГЬУДУЛЛЪИ
## ДРУЖБА

druzhba555@mail.ru
druzhbabotlih.ru

№ 58 (10309 ) БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА 2022 сон. 26 август / Рузман


# БИЧЧАНТЕ ПАРПАДИЗЕ!

22 августалъ, нилъер улкаялъ кIодо гьабуна Россиялъул Байрахъалъул Къо.
Гьелда хурхун тадбирал гIуцIун рукIана нилъер районалдаги.
Библиотекаялда, садиказда лъикIаб хIадурлъи бугоан гIун бачIунеб гIелалъе жакъасеб байрамалъул бугеб кIвараялъул бицине.
Жавабияб хIадури бугоан жалго лъималазулги; рикIкIана кучIдул, бихьизабуна кьурди, рахъана суртал ва кIудияб гьираялда жавабал кьуна байрахъалда хурхун кьурал суалазе. Лъималазда цIакъго лъикI лъалеб бугоан жидеда цебе лъураб масъала, ва гьелъул бугеб кIвар.
Гьелъги бихьизабуна гьеб къоялдехун хIадурлъи лъималазул цо къоялъулаб гьечIолъи.

**Биччанте парпадизе улкаялъул гьаб байрахъ Рекъел ракьалда цIунун, рохел ракIазе бикьун Гьединан ахIулеб бугин ккола-ан гьитIичазул гьурмада гвангьараб гьимиялъги.**



# МугIалимзабазул августалъулаб совещание



Районалъул лъай кьеялъул управлениялъул хIалтIухъабазул щибаб сонилаб совещание исана тIобитIана 25 августалъ районалъул Культураялъул рукъалъул гIатIидаб залалда.

Гьениб гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIер Руслан ХIамзатовас, гьесул заместителаз, районалъул лъай кьеялъул управлениялъул начальник ХIажигIиса ИзмагIиловас, районалъул школазул ва ясли-ахазул нухмалъулез ва тIаде ахIарал гьалбадерица.

Тадбиралъул авалалда Руслан ХIамзатовас районалъул кинаб-го педколлективалда баркана тIаде щолеб цIияб цIалул сон.

Районалъул лъай кьеялъул управлениялъ 2021-2022 цIалул соналъ гьабураб хIалтIул хIасилалъулги цIияб цIалул соналде цере лъурал масъалабазулги бицун доклад гьабуна ХIажигIиса ИзмагIиловас. ТIоцебесеб иргаялда гьес гьарана киназего хIалтIулъ бергьенлъаби, икъбал, хъизаналъулаб талихI.

*-КинабгIаги хIалтIуе къимат кьезе ккола цере лъурал масъалаби тIураялъухъ балагьун. Нилъ жакъа данделъун руго араб цIалул соналъул хIасилалги гьаризе, лъикIалъулги бицине, гIоларел рахъазулги рехсезе, масъалабазулги ва лъай кьеялъул рахъалъ ругел тIалабазулги бицине.*

*Республикаялъул бетIер Сергей Меликовасул ХIукмуялда рекъон исанасеб сон рагIинабун буго лъай кьеялъул сонлъун. Нилъ роххизе ккараб жо буго исана Пачалихъияб программаялда рекъон 112 миллионгун 700 азарго гъурущ харжги гьабун районалъул 12 школалда гьабуна капиталияб ремонт. Жаниб лъезе кинабго къайиги бачIине буго цIияб. Гьеб киналъего кIудияб хIаракатчилъи гьабуна районалъул нухмалъулезги цо-цо директорзабазги. Гьебго программаялда рекъон хадубккунги хутIарал школазе гьаризе руго ремонтал.*





*Директорзабазда лъазе ккола школалда гьаризе кколелги кколарелги хIалтIаби ва документал тасдикъ гьарилелде гьеб кинабго бихьизабизеги ккола.*

ХIажигIиса ИзмагIиловас районалъул ясли-ахазда гьабулеб хIалтIудаса жиндирго бугеб разилъиги загьир гьабуна, хасго, лъималазе тарбия кьеялъул рахъалъ гьабулеб хIалтIудасаги, районалда тIоритIулел тадбиразулъ гьез гьабулеб гIахьаллъиялдасаги, ясли-ахазда хIалтIулел тарбиячагIаз районалдаги республикаялдаги тIоритIулел конкурсазулъ гьабулеб гIахьаллъиялдасаги ва гьенир рихьизарурал хIасилаздасаги.

ГIаммаб лъай кьеялъул рахъалъ районалда бугеб ахIвал-хIалалъулги бицана ХIажигIиса ИзмагIиловас. Хасаб кIвар буссинабуна исана гIадлунизамалда районалда ЕГЭ тIобитIиялде ва рихьизарурал хIасилазде.

Гьел хIасилаздаса жиндиргоги районалъул нухмалъулезулги гьечIеб разилъиялъулги бицана гьес.

Гьединго гIолареб ва хадубккун хасаб кIвар буссинабизе кколеб рахъалъулги рехсей гьабуна гьес. Гьеб буго районалъул мугIалимзабаз районалда, я республикаялда тIоритIулел конкурсазулъ гIахьаллъи гьабунгутIи. Директорзабазул хасаб бербалагьиялда гьоркь гьеб суал букIине кколиланги абуна гьес.

*-Муниципалитеталъул аслияб масъалалъун ккола тарбия-лъай кьеялъул хIалтIи тIадегIанаб даражаялде бахинаби ва гьелъие кьваригIарал шартIал чIезари. Гьеб рахъалъ райадминистрациялъ кIудияб кумек гьабулеб буго школазе: гIиси-бикъинал ремонтазеги, хасалиде школал хIадуризеги, лъималазул хIинкъигьечIолъи букIинабиялъул ва школал цIа ккеялдаса цIуниялъул рахъалъ гьарулел хIалтIабазеги райадминистрациялъ биччан буго 18 миллион гъурущ. Гьеб гуребги кьваригIаралъуб районалъул нухмалъулезул рахъкквей камун киданиги хутIуларо.*

Гьединго ХIажигIиса ИзмагIиловас бицана риидалил каникулазда лъималазе хIухьбахъиялъул рахъалъ гьарурал хIалтIабазулги ва цIияб цIалул соналъ тIуразе кколел тIадеросиязулги.

Гьелдаса хадуб XI. ИзмагIиловас загьир гьабуна районалъул лъай кьеялъул управлениялъул начальникасул хъулухъ тезе бокьун букIинги. ГIемерсоназ лъикIаб, гьункараб коллективалда гьоркьов хIалтIизе щвеялдаса жив воххаравги чIухIаравги вугиланги абуна гьес. Киназего баркалаги кьуна ва лъан букIа, лъачIого букIа жиндир рахъалдаса ккараб гьалатIалдаса тIаса лъугьаянги гьарана. Пашманабго ахIвал-хIал лъугьана залалда. Гьеб хабаралъ ракI хвезабурав гурого, кIудияб педагогазул коллективалда гьоркььов вохарав чи цониги вукIинчIилан ракIчIун абизе кIола.

«Тарбия-лъай кьеялъулъ эбел-инсулгун хIалтIулъ цIиял тIалабал» абураб докладгун цее яхъана «Чебурашка» ясли-ахалъул заведующая **Мадина ГIазаева.**



Районалъул педколлективалъе августалъулаб совещаниялъул бугеб кIудияб кIваралъулги бицун, гьелъ жиндирго докладалда рехсана замана хисараб гIадин, гьелдаго цадахъ тарбия-лъай кьеялъулъ хисулел тIалабазулги, тарбиячагIаз ва мугIалимзабаз гIун бачIунеб гIел куцаялъулъ, цIиял тIалабазда рекъон, эбел-инсулгун гьаризе кколел хIалтIабазулги.

- Ясли-ахалъул хIалтIухъабазги эбел-инсуцаги цадахъ рекъон гьабураб хIалтIи-гьеб ккола киналго разиял, обществоялъе пайда бугев инсан лъугьиналъе бугеб аслу. КигIанги захIматаб, сабруги, яхIги, жавабчилъиги кьваригIунеб хIалтIи буго гьеб. Амма гьеб кинабго чара гьечIеблъун ккола умумузул гIамал-гIадатги лъалев, жиндирго ракьги ВатIанги бокьулев инсан куцазе ккани,- янги абуна М. ГIазаевалъ.

Школалда лъай кьеялъул качество борхизабиялда хурхараб доклад гьабуна тарбия-лъай кьеялъул рахъалъ КIижани школалъул директорасул заместитель **Батир Хасаймирзаевас**.



Лъай кьеялъул качество борхизабиялъул рахъалъ кьваригIунел шартIазул бицунаго гьес кIвар бугеблъун рикIкIана лъайги махщелги бугев мугIалим, гьанжесел тIалабазде данде кколеб алат; лъимал библиотекабаздалъун, спортзалаздалъун ва цогидалги рахъаздалъун хьезарурал шартIал; лъимералъул сверухълъи. Гьел киналго шартIал районалъул школазда рукIинариялъе районалъул нухмалъулез кинабго гьабулеб бугиланги абуна гьес.

Лъай кьеялъул качество борхизабиялъе районалъул нухмалъулез, тIоцебесеб иргаялда,чIезаризе кколел шартIазул бицун байбихьана жиндирго кIалъай **Руслан ХIамзатовас.**

**-Дица мугIалимасдаса хIалтIул качество тIалаб гьабизе ккани, цин дица гьесие чIезаризе ккола гьелъие кьваригIунел киналго шартIал. Исана нилъеда бажарана, федералияб программаялда рекъон, районалъул 12 школалда капиталияб ремонт гьабизе. Гьединго, сентябралъул авалалда, гьел школазе бачIине буго кинабго цIияб къайиги.**

**Гьебго программаялда рекъон хутIарал школазе ремонтал гьариялъе тIадчIун хIалтIи гьабулеб буго районалъул нухмалъулез. КIудияб божиги буго гьеб хIалтIи рагIалде бахъине букIиналда.**

**РахатIа росулъ бараб цIияб школа 1 сентябралъ рагьизе**



**данде кколеб гьечIо гьаричIого хутIарал хIалтIаби рукIиналда бан. Гьебго гIилла буго МигIарсо ясли-ах рагьичIого хутIиялъеги. Кьохъ, Зило, ГIашали цIиял школал раялъе хIадурлъиялъулал хIалтIаби унел руго, гьарулел руго проектал. Проект гьабиялъул хIалтIи унеб буго ГIалахъ школа баялъеги. Гьединго хIисабалде босун буго Гьодобери школа базеги, жамагIаталъулгун дандбан, ракьалъул суал роцIцIинабизе бажарани. Гьанжесел тIалабазда рекъон цIияб школа баялъул суал бараб буго гьелъие гIураб ракь букIиналда. Цоцо росабалъ абуни, гьединал ресал гьечIо.**

Гьелдаса хадуб Руслан ХIамзатовас кIудияб баркала кьуна ХIажигIиса ИзмагIиловасе соналъ районалъул лъай кьеялъул управлениялъул нухмалъиялда ракIбацIцIадго гьабураб хIалтIухъ.

Жиндирго гьариялда рекъон ХIажигIиса ИзмагIилов районалъул бетIерас эркен гьавуна хъулухъалдаса ва гьесул бакIалде, районалъул лъай кьеялъул управлениялъул начальниклъун, тIамуна **Мурад Рамазанов**. Гьев хIалтIулев вукIана районалъул бетIерасул кумекчилъун. Гьединго, жидерго гьариялдарекъон,хIалтIудасаэркен гьаруна цо-цо школазул директорзаби ва гьезул бакIазде рихьизаруна цIиял нухмалъулел: Кьохъ школалъул директорасул ишал тIуралевлъун-**Шамсудин ГIабдулмажидов,** Гьодобери школалъул директорасул ишал тIуралевлъун-**Шагьрулабазан ГIабдулдибиров,** Хелекьури школалъул директорасул ишал тIуралейлъун-**Мадина Маккашарипова,** Болъихъ №2 абилеб школалъул директорасул ишал тIуралевлъун **МухIамад Митаров** ва Муни школалъул директорасул ишал тIуралевлъун- **НурмухIамад НурмухIамадов.**

**Калимат ХIасанова** тасдикъ гьаюна Болъихъ №1 школалъул директорлъун. Совещаниялъул ахиралда тарбия-лъай кьеялъулъ рихьизарурал лъикIал хIасилазе гIоло цо-цо педагогал ва тарбиячагIи мустахIикълъана районалъул бетIерасул, лъай кьеялъул управлениялъул, РДялъул лъай кьеялъулгун гIелмабазул Министерствоялъул рахъалдаса ХIурматалъул грамотабазе, баркалаялъул кагътазе, гьединго районалъул бетIерасул рахъалдаса тIад цIар хъварал сагIтазе.

Гьелдаса хадуб «Солнышко» ясли-ахалъул заведующая **Загьра Къурбандибировалъ,** лъай кьеялъул управлениялда гIемер соназ хIалтIарай **Ольга Шамсудиновалъ** лъай кьеялъул управлениялъул, районалда бищунго кIудияб коллективалъул рахъалдаса баркала загьир гьабуна ХIажигIиса ИзмагIиловасе гIемерсоназ ракIбацIцIадго гьабураб хIалтIухъги, гьесул гIаданлъиялъухъги, бихьинчилъиялъухъги. Гьарана гьесие сахлъи, талихI, икьбал.

# ПОСТАНОВЛЕНИЕ

от 24 августа 2022 г. № 125

с. Ботлих

## О формировании фонда капитального ремонта на счете регионального оператора

В соответствии с ч. 5 ст. 170 Жилищного кодекса Российской Федерации, Законом Республики Дагестан от 9 июля 2013 года № 57 «Об организации проведения капитального ремонта общего имущества в многоквартирных домах в Республике Дагестан», в целях формирования фонда капитального ремонта на счете регионального оператора администрация муниципального района постановляет:

1. Определить формирование фонда капитального ремонта в отношении многоквартирных домов, указанных в приложении к настоящему постановлению, на счете регионального оператора – Дагестанского некоммерческого фонда капитального ремонта общего имущества в многоквартирных домах.

2. Опубликовать настоящее постановление в районной газете «Гъудуллъи– Дружба» и разместить на официальном сайте администрации МР «Ботлихский район» в сети Интернет.

3. Контроль за исполнением настоящего постановления оставляю за собой.

**Первый заместитель**
**главы администрации**
**А.Р. Лабазанов**

ПРИЛОЖЕНИЕ
к постановлению
АМР «Ботлихский район»
24.08.2022 г. № 125

| № п/п | Адрес дома | Год постройки | Общая площадь дома, кв. м | Этаж | Количество квартир |
|---|---|---|---|---|---|
| **Многоквартирные дома** | | | | | |
| 1 | Жил дом № 40 (военный городок) | 2007г. | 1407,3 | 3 | 36 |
| 2 | Жил дом № 41 (военный городок) | 2007г. | 1407,3 | 3 | 36 |
| 3 | Жил дом № 42 (военный городок) | 2007г. | 1407,3 | 3 | 36 |
| 4 | Жил дом № 43 (военный городок) | 2007г. | 1407,3 | 3 | 36 |
| 5 | Жил дом № 44 (военный городок) | 2007г. | 1407,3 | 3 | 36 |
| 6 | Жил дом № 45 (военный городок) | 2007г. | 1407,3 | 3 | 36 |
| 7 | Жил дом № 46 (военный городок) | 2007г. | 1407,3 | 3 | 36 |
| 8 | Жил дом № 49 (военный городок) | 2007г. | 1407,3 | 3 | 36 |
| 9 | Жил дом № 50 (военный городок) | 2007г. | 1407,3 | 3 | 36 |
| 10 | Жил дом № 51 (военный городок) | 2007г. | 1407,3 | 3 | 36 |
| 11 | Жил дом № 59 (военный городок, офицерское общежитие) | 2007г. | 1407,3 | 3 | 36 |
| 12 | ул. Хамашура №17 | 1957г. | 455,7 | 1 | 6 |
| 13 | ул. Заводская №6 | 1982г. | 405,8 | 2 | 8 |
| 14 | ул. Заводская №8 | 1982г. | 405,8 | 2 | 8 |
| 15 | ул. Заводская №10 | 1982г. | 405,8 | 2 | 8 |
| 16 | ул. Заводская №32 | 1989г. | 1276 | 2 | 18 |
| 17 | ул. Заводская № 62 | 1983г. | 1063 | 2 | 18 |
| 18 | ул. Заводская №72 | 1989г. | 882,6 | 2 | 16 |
| 19 | ул. И. Газимагомеда №28 | 1987г. | 457,4 | 2 | 16 |
| 20 | ул. И. Газимагомеда №92 | 1982г. | 731 | 2 | 16 |
| 21 | ул. И. Газимагомеда №112 | 1984г. | 564,2 | 2 | 12 |
| 22 | ул. И. Газимагомеда №135 | 1985г. | 709,4 | 2 | 16 |
| 23 | ул. И. Газимагомеда №169 | 1984г. | 567,8 | 2 | 16 |
| 24 | ул. И. Газимагомеда №171 | 1984г. | 735,7 | 2 | 12 |
| 25 | ул. И. Газимагомеда №185 | 1984г. | 632 | 2 | 16 |
| 26 | ул. И. Газимагомеда №187 | 1984г. | 979,4 | 2 | 22 |
| 27 | ул. И. Газимагомеда №189 | 1986г. | 1017,4 | 2 | 22 |
| 28 | ул. И. Шамиля № 35 | 1984г. | 1091,4 | 2 | 18 |
| 29 | ул. Почтовая № 12 | 1978г. | 950,2 | 2 | 18 |
| 30 | ул. Связная №7 | 1980г. | 414,8 | 2 | 8 |
| 31 | ул. Угольная № 19 | 1988г. | 358,8 | 2 | 6 |

# ГIандадерил тIалъиялда-спорталъулаб байрам



Гьаб анкьалъ ГIанди росулъ тIобитIана спорталъул гIатIидаб тадбир. ЖамгIияв хIаракатчи, меценат МухIамад Гъазиев ракIалде щвеялъе тIоритIарал кьецазулъ гIахьаллъи гьабуна ГIанди, Гъагъалъ, РикIвани, ГIашали, Зило, КIижани, Муни, Кванхидалъ, Чанхъо росабазул командабаз ва Микрорайоналъул футболистаз.

Тадбир рагьана, «Риидалил ГIандадерил хIаязул» президент **Жамалудин Гъазиевас.**

**-Нилъер гIун бачIунеб гIелалъе гьадинаб спорталъулаб байрам санайилго тIобитIизе рес кьуралъухъ даимаб рецц буго ТIадегIанав Аллагьасе. ТIоцебесеб иргаялда кIудияб баркала кьезе бокьун буго тIалъиялъулго чIахIиял чагIазе, жамагIатазе, гьаниб мавлид ахIарал мюридзабазе нилъер ракIазулъ иман щула гьабун, умумузул ракьги ВатIанги**



**бокьулел унго-унгоял мугIрузул васаллъун нилъ гIезаруралъухъ.**

Гьединго Жамалудиница баркала кьуна тIаде рачIарал гьалбадерие, турнир тIобитIиялъе гIуцIцIалилаб хIалтIи гьабуразе ва кьецазул гIахьалчагIазе. Киназего талихIгун икъбалги гьарана гьес.

Киназего саламги кьун, тадбиралда гIахьаллъарав районалъул бетIер Руслан ХIамзатовас бицана МухIамад Гъазиевас нахъа тараб, бигьаяб гуреб гIумрудул нухалъул, гIагараб росдаеги районалъеги гьев мунагьал чураяс гьарурал пайдаял ишазул.

**-ЛъилгIаги кумек гьечIого, жиндирго захIмат бокьиялъ, гьабулеб ишалдехун бугеб гIишкъуялъ ва жавабчилъиялъ вахинавуна гьев киназго адаб-хIурмат гьабулеб даражаялде. Узухьда, нилъ гьесдаса чIухIаралги руго.**

**Гьев мустахIикъав инсан ракIалде щвеялъе тIобитIулеб гьаб спорталъул байрамалъе гIуцIцIалилаб хIалтIи гьабуразеги, гьелъие кумек-кверкбакъи гьабуразеги кIудияб баркала буго. Нилъеда гьоркьоб гьудуллъи-вацлъи щула гьабиялъеги, цIиял гьудулзаби ратиялъеги сабаблъунги гьабеги гьаб нилъер жакъасеб тадбир.**

**Бокьилаан киналго спортсменалги гьалбалги гьудуллъигун-гьоболлъи хирияб ГIанди росулъа ракIазулъ лъикIаб асаргун тIадруссине.**

**Гьелъие бажарараб хIаракат нижецаги бахъизе буго. Нижеца гьединго хIаракат бахъизе буго гьаб тадбир санайилго тIобитIиялъе бажарараб хIалтIи гьабизеги,**-ян абуна Руслан ХIамзатовас.

Гьелдаса хадур кIалъазе рахъарал, мунагьал чураяв МухIамадил гьитIинав вац АхIмад ГIабдулжалиловас, районалъул имамзабазул Советалъул председатель АхIмад МухIамаевас, гIандадерил жамагIатазул вакил **Сейдула Сейдулаевас**, «Патриоты» Ассоциациялъул председатель ва Universal Fighters клубалъул вице-президент **Шамил ГIабдулхIажиевас** бицана гьединал тадбиразул лъималазулъ цолъи ва гьунки бижинабиялъеги, спорталдехун рокьиги кьецазулаб хIалбихьиги цIикIкIинабиялъеги бугеб пайдаялъул. Турниралъул гIахьалчагIазе гьарана бергьенлъаби. Баркала кьуна тадбир гIуцIцIаразе, хасго, МухIамад Гъазиевасул гIагарлъиялъе.

Турнир рагьун хадуб киналго гьалбал къабул гьаруна «Алхар» хIорил рагIалда. Миллияб квен-тIехги хIадурун, гьалбадерие квана-гьекъей гIуцIцIун букIана гьениб.

Турниралъул программаялда рекъон, кьецал байбихьана 20 абилеб августалъ ва рагIалде рахъана 23 абилеб августалъ. Ункъго къоялъ халатрахъарал гьел хIаязулъ тIоцебесеб къоялъ жидерго махщел бихьизабуна речIчIухъабаз.

Ургуялде вахана кинавниги 123 гугарухъан.

Эркенаб гугариялъулъги, программаялда ругел киналго спортивиял тайпабазулъги цIайиялъул категориялда рекъон гуребги, лъималазул гIумрудул соназде балагьунги гIуцIцIун рукIана категорияби. Гьедин, цохIо эркенаб гугариялъул букIана 17 категория гIуцIцIун.



Эркенаб гугариялъул рахъалъ тIоцебесеб бакI ккуна ГIанди росдал командаялъ. ГIаммаб кьагIидаялъ гьез босана 18 медаль. КIиабилеб бакI-ичIго медальгун щвана мундерие, лъабабилеб бакI-бищунго гIемер меседил медалал росараб ( 4 медаль) чанхъдерил командаялъ ккуна.

Турниралъул кIиабилеб къоялъ тIоритIана грепплингалъул кьецал. 121 спортсменас гIахьаллъи гьабурал гьел кьецазулъ 74 гIахьалчи вукIана гIицIго гIандадерихъ. Кинабниги гьез босана 23 медаль. КIиабилеб бакI-Гъагъалъ ва лъабабилеб бакI-Муни командабаз босана.

Футбол. Гьениб гIандадерица бергьенлъи босиялда цонигиясул щаклъиго букIинчIо. ГIанди ДЮСШялъул команда-тIоцебесеб бакI, ФК «Давла» (гьебги гIандадерил команда)-кIиабилеб бакI. Гъагъалъа футболистазе щвана лъабабилеб бакI.

Турниралъул ункъабилеб къо. Столалда теннис хIай ва шахматал, шашкаби хIай.

Столалда теннис хIаялъулъ 16 сониде рахинчIел лъималазул группаялъул финалалда дандчIвана Зилоса Сагитов МухIамадги ГIандиса ХIажиев Шамилги. МухIамадил дагъабго махщел цIикIкIана ва гьес босана тIоцебесеб бакI. Шамилие щвана кIиабилеб бакI ва КIижаниса Мирзаханов Халидбегица босана лъабабилеб бакI.

Хадусеб, 16-ялдаса тIадехун сонал рарал спортсменазул категориялда лъабабго призалъулаб бакI ккуна Чанхъоса гIолохъабаз.

Шахматал хIаялъулъги лъимал рикьун рукIана 16 сон тIубачIезулги, гьелдасан цIикIкIун сонал раразулги кIиго категориялде. ТIоцебесеб категориялда бергьана Муниса АхIмад МухIамадов, кIиабилеб бакI-Чанхъоса ХIамзаев Залимхание ва лъабабилеб бакI Муниса МухIамадов Расулие щвана.

КIиабилеб категориялдаги тIоцебесеб бакI щвана мундерие, бергьана МухIамадов Ибрагьим. КIиабилеб бакI ккуна МухIамадов МухIамадица ва лъабабилеб бакI-ХIажиев МухIамадица (кIиявго гIандисев).

Гьелдалъун турниралъул программа лъугьана, рагIалде бахъана тадбир. РакIчIун абизе бегьула гьелъул аслияб мурадалдеги щванилан; ккана цIиял лъайхьваял, ратана гьудулзаби, ракIазулъ лъикIаб асаргун тIадруссана киналго жидерго росабалъе.

**Инша Аллагь**, рихьила тIасияб соналъ гьебго тадбиралда!

**ХI. ХIасанхIажиев.**




ГЬУДУЛЛЪИ

Газета гIуцIарал:
«Болъихъ район» муниципалияб районалъул администрация

Учредители:
Администрация МР «Ботлихский район»

Директорасул ишал тIуралев
А. Агъларов

Мухбирзаби:
ГI. МухIамадова
П. Дибирова
П. Камилова
М. МухIамадова
ХI. ХIасанхIажиев

Фотокорреспондентал:
К. Камилов
Ш. МуртазагIалиев

Корректор
П.МухIамадова

Наборщица
П. Эльдарова

Дизайнер
С. Камилова

*Индекс: 368970*
*Адрес:*
Индекс: 368971. Адрес: ДР, Болъихъ районалъул Болъихъ росу, Имам ГъазимухIамадил къватI, 103

*Телефон:*
*Директорасул*
*8928 680 50 42*

*Эл. адрес druzhba555@mail.ru*

*Газета биччана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.*

*Адрес: 367018, МахIачхъала, Петр-I-ясул къватI, 61*
*Тираж -800 Индекс-51349*

*Заказ № _____*

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан.
от 31 мая 2017 года.
ПИ № ТУ 05 - 00381

Редакциялъул кидаго гуреб макъалабазул авторазулгун пикраби данде кколел. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул ва баяназул жаваб кьола гьезул авторaз.